

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya Sastra téh tina kaayan sosial anu aya di masarakat jeung kréativitas pangarangna. Ngaliwatan karya sastra, pangarang ogé bisa nepikeun ma'na jeung ajén kahirupan, ku kituna karya sastra mangrupa enteung tina kahirupan masarakat. Saluyu jeung nu ditepikeun ku (Susanto, 2011, kc 1).yén sastra dumasar kana konteks, kamandang, wilayah géografi budaya, waktu, udagan, jeung ogé sababaraha faktor lianna. Kajaba ti éta, sastra mangrupa hiji seni fiktif tur kréatif nu dijieun ku manusa ngaliwatan prosés mikir.

Karya sastra téh mibanda tilu wangun, nyaéta prosa, puisi, jeung drama.Salahajiji karya sastra prosa nu sumebarna sacara tulisan nyaéta carita pondok (carpon). Dumasar kana waktu gelarna, carita pondok gelar dina mangsa anyar atawa modéren. Carita pondok mangrupa karangan tinulis fiksi atawa rékaan nu galur caritana rélatif basajan. Hal éta lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian, tur palakuna ukur dua atawa tilu urang. Sok sanajan pondok, struktur carpon Sunda sarua jeung struktur karya sastra séjén nu mangrupa hiji rékaan (fiksi), éta struktur diwangun ku unsur-unsur nu silih ngarojong.

Stanton (2012, kc.20) ngajéntrékeun yén karya fiksi unsur-unsurna diwangun ku: a) téma carita, b) fakta carita (galur, tokoh, latar), jeung c) sarana carita (judul, puseur implengan, jeung gaya basa). Ku kituna, dina karya sastra bakal nyangkaruk ajén-inajén nu penting pikeun kahirupan, éta ajén bisa mangrupa ajén moral, ajén sosial, ajén kaagamaan, ajén atikan, ajén éstétika, jeung sajabana.

Kiwari masarakat geus jarang nu maca carpon Sunda, sok komo mikanyaho ajén-inajénna, lantaran geus kasilihkeun ku ayana budaya jeung paham deungeun, nu matak ngurangan jeung ngaleungitkeun kasadaran pikeun ngaraksa jeung ngariksa budaya sorangan. Saéstuna eusi dina kumpulan carpon ieu pinuh ku ajén-

inajén luhung nu bisa jadikeun picontoeun jeung dilarapkeun dina kahirupan. Salasahiji Ajén anu penting dina kahirupan nyaéta Ajén kaagamaan.

Ajén kaagamaan mangrupa konsép ngeunaan ajén-inajén luhung nu aya pikeun jalma anu ngagem kapercayaan sangkan dijadikeun padoman atawa cecekelan dina ngalakukeun hiji hal, ogé pikeun ngaguar kabiasaan jeung palasipah hirup jaman baheula anu bisa dijadikeun pieunteungeun jeung pangajaran dina kahirupan sapopoé.

Objék dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan. Yous Hamdan salasahiji pangarang Sunda nu réa nyiptakeun karya sastra, di antarana sajak jeung carita pondok. Buku nu tos medal: *Kalakay Budah* (kumpulan sajak, 1994) jeung *Geus Surup Bulan Purnama* (kumpulan carpon, 2006). Kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* mangrupa karya kumpulan carpon munggaran Yous Hamdan nu diléléh hadiah sastra rancagé taun 2006.

Capon *Geus Surup Bulan purnama* téh aya patalina jeung ajén-ajén kahirupan manusa, salasahijina nyaéta ajén kaagamaan. Ajén kaagamaan biasana dina eusina nyangkaruk ajén-inajén kaagamaan nu aya di masarakat. Nurutkeun Razak (1993, kc 60), agama nyaéta kapercayaan ka Allah jeung aturan-aturan ibadahna. Sacara gembleng, agama téh nyaéta percaya kana ayana kakuatan kodrat anu Maha Ngaraksa, anu Ngawasa, anu Nyiptakeun jeung nempo alam semesta anu geus dipaparinkeun ka manusa. Dina agama, tangtu aya ajén kaagamaan. Nurutkeun Razak (1993, kc.3q1 35), ajén kaagamaan téh dibagi jadi tilu. bagéan, nyaéta Ahlak, Tauhid, jeung Ibadah. Éta ajén-ajén bisa dilarapkeun atawa bisa digunakeun minangka hiji péso anu dipaké ngaguar karya sastra. Salasahijina digunakeun dina ieu panalungtikan kana karya sastra kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.

Aya sawatara judul panalungtikan saméméhna nu ngaguar ngeunaan carpon jeung ajén kaagamaan nu kacatet di program studi Pendidikan Bahasa Sunda, Fakultas Pendidikan Bahasa dan Sastra, UPI di antarana Ajén Kaagamaan dina novel *Prabu Anom Jayadéwata* karya Yoséph Iskandar pikeun bahan pangajaran maca novel di SMA (Ulikan Struktural) meunang Meina Rachmawati (2020), transliterasi jeung ajén kaagamaan objékna naskah *Layang Carios Abduloh*

meunang Ilham Fauji (2020), kajian ekspresif kana kapangarangan H.D Bastaman dina kumpulan carponna *Nganjang Ka Pagéto* meunang Rusdi Fauzi (2021), transliterasi jeung ajén kaagamaan dina naskah wawacan “Hikayat Naséhat Nabi” meunang Deri Muhammad Nurbilad (2021), jeung pilihan kecap (diksi) pikeun ébréhan imaji dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan meunang Imron irpani (2021).

Pentingna ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho unsur-unsur ajén kaagamaan ngaliwatan ulikan struktural kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambah pangaweruh kataatan ka Nu Maha Suci jeung kacintaan ka Rosululloh. Jaba ti éta ogé bisa nguatkeun deui iman. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Ajén kaagamaan dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan (Ulikan Strukturalisme)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Sangkan leuwih museur kana analisis ajén kaagamaan, ieu panalungtikan ngaidentifikasi masalah ku cara museurkeun panalungtikan nyaéta kana unsur ajén kaagamaan dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang saméméhna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur (téma, fakta carita, sarana carita) dina carpon nu judulna kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan?
- 2) Ajén kaagamaan naon waé nu kapanggih dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Nalaah ajén kaagamaan anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun:

- 1) struktur unsur carita (fakta, sarana sastra, jeung téma) dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.
- 2) ajén kaagamaan anu nyampak dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.

1.4 Mangpaat/Signifikasi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis dina ieu panalungtikan téh miharep jadi salahsiji karya ilmiah anu bisa neuleuman pangaweruh ngeunaan carpon, hususna dina ajén kaagamaan, kitu deui dina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban tur dijadikeun pangdedeudeul dina maham jeung ngaprésiasi karya sastra ngeunaan kasusastraan Sunda ka hareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian tina mangpaat tioritis, aya mangpaat praktis. Mangpaat dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) pikeun kamekaran élmu, bisa jadi sumber référénsi pikeun mahasiswa basa jeung sastra; leuwih ngajembaran deui paélmuan sarta pangaweruh dina karya sastra;
- 2) pikeun lembaga kasundaan, sangkan leuwih bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda dina kamekaran sastra Sunda, jeung;
- 3) pikeun paguron luhur, ngeuyeuban deui panalungtikan dina widang karya sastra, hususna anu ngandung ajén kaagamaan anu aya patula-patalina jeung karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I eusina ngeunaan bubuka, kasang tukang, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku carpon, ajén kaagamaan, jeung strukturalisme.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil tina panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data anu ngawengku ajén kaagamaan dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan, struktural dina kumpulan carpon *Geus Surup Bulan Purnama* karya Yous Hamdan.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, dicindekeun hasil dina analisis sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan nu lian.